

Pou Piblikasyon Imedya: 15/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO REKONÈT DEZYÈM SEMÈN SANTE MATÈNÈL NWA ANYÈL

Bidjè ki Adopte a Envesti 8 Milyon Dola pou Konbat Mòtalite Matènèl ak Disparite Rasyal yo

[Pwoklamasyon](#) Pibliye Ki Deklare 11-17 Avril 2019, Semèn Sante Matènèl Nwa

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a an rekonesans Semèn Sante Matènèl Nwa (Black Maternal Health Week) 11-17 Avril 2019, Bidjè 2019-20 ki Adopte a gen ladan yon envestisman 8 milyon dola pou sipòte inisyativ ki te rekòmande pandan dènye ane a pa Gwoup Travay Eta New York la sou Mòtalite Matènèl ak Rezilta Rasyal Divè. Semèn Sante Matènèl Nwa se yon inisyativ ki te kreye pa Black Mamas Matter Alliance, yon alyans ki dirije pa fanm nwa ant-sektè pou defann Sante matènèl Nwa, dwa yo ak jistis. Semèn Sante Matènèl Nwa se yon opòtinite pou angaje nan konvèsasyon nasyonal sou politik sante matènèl Nwa, rechèch ak mouvman jistis repwodiktif ak nesans yo.

"Semèn Sante Matènèl Nwa se yon opòtinite pou mete aksan sou inisyativ global New York yo pou adrese rasin kòz mòtalite matènèl ak lòt rezilta ki diferan yo ki menase fanmi New York yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kòm yon eta ak kòm yon kominote, New York se yon lidè nasyonal nan efò nou yo pou rezoud enjistis sosyal sa a epi aplike konpozan ki gen siksè yo ki pote vrè chanjman e ki dire lontan."

"Yon fwa ankò ane sa a n ap konsantre sou sante fanm nwa yo epi rekonèt inegalite rasyal ki egziste nan sosyete nou an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pandan ke New York te fè pwogrè pou asire ke tout fanm yo gen aksè a bon jan kalite swen sante ki a pri abòdab pou bese to mòtalite matènèl, yon gwo inegalite rasyal toujou egziste e ki bezwen solisyon ki kreyatif ak mezi enteresan. N ap kontinye konbat enjistis grav sa a, agrandi aksè a swen matènèl, epi sove lavi."

Lidè Minorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Fanm Afriken Ameriken yo gen plis pase twa fwa plis chans pou mouri poutèt yon konplikasyon gwosès pase fanm blanch. Se poutèt sa evènman tankou Semèn Sante Matènèl Nwa enpòtan anpil, paske yo klere yon limyè sou kriz sa a epi ede edike piblik la. Majorite Sena a fyè dèske li te travay avèk Gouvènè Cuomo ak kòlèg Asanble nou yo pou bay èd eta anplis pou konbat mòtalite matènèl ak disparite rasyal yo".

Pòtpawòl Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Majorite Asanble a rekonèt gravite disparite ki egziste nan rezilta sante pou fanm ansent nan New York yo, patikilyèman pou fanm nwa yo, e nou pran etap enpòtan pou adrese yo. Nan kòmansman ane sa a, nou te pase pwojè lwa pou etabli yon komite revizyon mòtalite matènèl (Maternal Mortality Review Board) paske nou konnen idantifye kòz mòtalite matènèl yo

fondamantal pou adrese li. Finansman sa a pral fè anpil pou devlope yon apwòch global pou bay swen ekitab a tout fanm ansent ak nouvo manman yo".

Avril ki sot pase a, Gouvènè a te anonse kreyasyon Gwoup Travay la, ak plizyè lòt inisyativ pou konbat mòtalite matènèl epi redwi rezilta rasyal ki diferan yo. Kò Lejislatif lan te dakò ak finansman pou sipòte rekòmandasyon Gwoup Travay yo, enkli:

Elaji Aksè a Pwofesyonèl Sante Kominotè yo: An 2018, Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health), sou lidèchip Komisè Howard Zucker, te reyalize sèt (7) sesyon odyans sou mòtalite matènèl atravè eta a. Yon demann komen nan kominote yo se te pou ogmante aksè a pwofesyonèl sante kominotè yo (community health workers, CHW). CHW yo jwe yon wòl vital nan bay sipò sosyal, enfòmasyon, defans ak koneksyon a sèvis yo. Pou adrese bezwen sa a, yo te enkli plis pase 2.6 milyon dola nan Bidjè ane sa a pou ogmante aksè a CHW yo atravè Kolaboratif Sante Kominotè Matènèl Tibebe (Maternal Infant Community Health Collaboratives, MICHCs) Depatman Sante a (Department of Health, DOH). Anplis de dimansyon aktyèl CHW a, patisipan yo idantifye opòtinite pou elaji aktivite pou adrese baryè kle ki afekte rezilta matènèl yo, ki gen ladan opòtinite sansiblizasyon adisyonèl ak angajman kominote.

Distribye yon Fòmasyon Konpreyansif ak Powgram Edikasyon pou Lopital yo sou Prejije Rasyal Enplisit: Disparite rasyal nan sante fanm yo pa ka amelyore san yo pa adrese prejije rasyal, alafwa enplisit ak eksplisit. Prejije rasyal enplisit, ke yo te montre afekte relasyon pasyan-doktè an ansanm ak desizyon tretman ak rezilta yo, ka gen enpak sou swen pasyan divès ras yo. Bidjè ane sa a te gen ladan finansman pou kreye yon pwogram fòmasyon konplè pou founisè swen sante ak lopital yo ki gen ladan yon kourikoulòm solid pou ogmante konesans ak konpreyansyon sou kijan inegalite enplisit ak rasis ka gen enpak sou swen pasyan yo.

Etabli yon Baz Done Konpreyansif sou Rezilta Perinatal yo pou Amelyore Kalite: Eta New York pral etabli yon enfrastrikti done solid pou bay done kle pou lopital perinatal yo pou sipòte aksè a mezi kalite rapid. Depo done sa a pral fèt swivan modèl Kolaboratif Swen Matènèl de Kalite California (California Maternal Quality Care Collaborative), ki te pwouve enpòtan anpil pou amelyore rezilta matènèl yo ansanm ak rezoud pwoblèm disparite yo.

Konvoke yon Gwoup Travay ak Ekspè nan Tout Eta a pou Optimize Swen apre Nesans nan Eta New York: Sistèm swen medikal kounye a pa fèt pou rekonpanse livrezon kalite, swen apre nesans kontinyèl. Pou asire fanm yo resevwa sipò kontinyèl pandan peryòd apre nesans lan, NYSDOH ap fè konvoke yon gwoup travay ekspè an patenarya avèk Inivesite Obstetris ak jinekòlòg Ameriken an (American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG) ak Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP). Gwoup travay la, ki gen ladan founisè, kontribiyab, ajans eta ak pasyan, gen èpou objektif pou idantifye estrateji pou re-anvizaje swen apre nesans kòm yon pwosesis kontinyèl, olye yon sèl rankont, favorize swen endividyèl, ki santre sou pasyan ak amelyore rezilta sante matènèl yo.

Anplis de sa, pou elaji ak amelyore anplè swen alafwa matènèl ak prenatal, Depatman Sante Eta New York la ap lanse Gwosès ki Santre yon pwogram pilòt ki reyini ansanm yon ti gwoup fanm ansent ki gen pral akouche apeprè menm lè. Nan chak vizit, yon

klinisyen egzaminen chak fanm endividyèlman pou yon ti tan, epi rès tan an pase nan sesyon gwoup entèaktif ki pèmèt fiti-manman yo diskite sou enkyetid yo, pataje eksperyans yo epi poze kesyon. Inisyativ sa a entegre nan Premye 1,000 Jou Inisyativ Restriktirasyon Medicaid, ki te anonse pou premye fwa an 2017.

Inisyativ sa yo, konbine avèk efò kontinyèl lòt eta yo, sou wout pou etabli New York kòm yon lidè nan diminye mòtalite matènèl ak amelyore disparite rasyal yo.

Komisè Depatman Sante a Doktè Howard Zucker te di, "To mòtalite matènèl la kontinye ap monte atravè nasyon an, e fanm nwa yo gen twa fwa plis chans mouri pase fanm blanch yo akòz yon gwosès oswa kondisyon ki gen rapò ak gwosès. Eta New York angaje nan yon estrateji global ki aktivman enplike pati ki konsne yo nan kominote kle yo pou adrese mòtalite matènèl nan rasin koz disparite rasyal ak prejije".

Senatè Gustavo Rivera, Prezidan Komite Sante Sena a (Senate Health Committee), te deklare, "Li se yon reyalyte terib ke manman nwa nan Eta New York yo ap mouri kounye a epi ap devlope konplikasyon ki menase lavi pandan y ap akouche nan yon to ki ekstrèmman alaman. Pou obsèvasyon Semèn Mòtalite Matènèl Nwa a, nou renouvle angajman nou pou adrese agresifman disparite swen sante yo ki lakòz yon to mòtalite pi wo nan fanm nwa yo epi rekonèt enpòtans pou kontinye konbat rezilta sa yo nan envesti nan inisyativ ki chache abòde yo, ki gen ladan etablisman Komite Revizyon Matènèl nan Eta New York ak Vil New York ki ap vini an".

Manm Asanble Richard N. Gottfried, Prezidan Komite Sante Asanble (Assembly Health Committee) a, te di, "To mòtalite matènèl New York yo pi wo pase sa yo ta dwe, avèk disparite rasyal eklatan ki dwe rezoud. Ogmante aksè a pwofesyonèl sante matènèl, amelyore fòmasyon founisè, ak asire koleksyon done konplè yo se etap enpòtan nan direksyon pou repare pwoblèm kritik sa".

Manm Asanble Tremaine Wright, Prezidan Komite Elektoral Kò Lejislatif Nwa, Pòtoriken, Ispanik, ak Azyatik la, te deklare, "Semèn Sante Matènèl Nwa yo se yon pati enpòtan nan travay nou pou amelyore rezilta sante pou fanm Nwa ak ti bebe yo. Byenke to mòtalite matènèl la kontinye ap monte nan tout peyi a, isit la nan Eta New York nou gen òganizasyon lokal ki bay sipò sosyal, defans ak vizit lakay, n ap fè eksperyans pi bon rezilta. Bidjè ane sa a kontinye ap sipòte pwogram efikas epi finanse rekòmandasyon Gwoup Travay la ki ta dwe mennen nan pi gwo siksè".

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare, "Envestisman istorik sa a nan swen sante matènèl pou fanm nwa se yon repons kritik pou yon kriz sante piblik ke yo te neglije twò lontan. Mwen pa ka tann pou m travay avèk Gouvènè Cuomo ak administrasyon li pou abòde disparite ki genyen nan swen yo epi fèmen diferans swen medikal la ke fanm nwa yo ap fè fas chak jou".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)